Псом я дежкIи гурыIуэгъуэщ Хабзэ Нэхъыщхьэм халъхьа зэхъуэкIыныгъэхэр щIыхубэм я дежкIэ мыхьэнэшхэу иIэу зэрыщытыр. Нобэрей гъащIэм и шэсапIэу пльытэ хъунущ ахэр. Псалъэм папщIэ, шэч кьытехьэгъуейщ жылагъуэ зэщIэхьеныгъэхэмрэ коммерцэ Iэхъум емыпха зэгухьанныгъэхэмрэ кьыхуагупсыса IэмалыщIэхэмрэ хэкIыпIэхэмрэ ятеухуауэ Конституцэм халъхьа зэхъуэкIыныгъэхэр хуабжу сэбэп зэрыхъунум. Сыт гражданин жылагъуэр зищIысыр? Ар дэращ. Урысейм щыпсэу цIыхубэрщ. Къэралым къыщыхъу-къыщыщIэхэр кьыхэсфIэIуэху, абы и зыужьныгъэм зи гуащIэрэ къаруурэ хэзыгъэхьэ дэращ. мыдрыгъэ хуэжьар.

Урысей Федерацэр зэрыщыту къапщтэмэ, Конституцэщ Iэмкlэ арэзыуэ цIыхухэм я процент 77, 92-м Iэ яIэтащ. Абы щыгъуэ къагъэщIэрэщIожа Хабзэ Нэхъыщхьэм зэхъуэкIыныгъэ 206-рэ халъхьащ. Абыхэм я зы Iыхьэр зытеуухар къэралым и щхьэхуитныгъэр гъэбыдэныращ, адрейхэм къыщыгъэлъэгъуащ цIыхухэм я псэкIэр егъэфIэкIуэныр, илъэсым зэ нэхъ мыхьэмрэ пенсэр хэгъэхъэныр, унагъуэм, сабийм защIэгъэкъуэныр, упсэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу узыхуейм хуэдиз ахъшэм улахуэ нэхъ цIыкIур хуэгъэкIуэныр, нэгъуэщIхэри.

Конституцэм и махуэр къэрал псом Iэтауэ щагъэлъапIэ, УФ-м и Президентым къэрал саугъэт нэхъыщхьэхэр къэзылэжьахэм щаратыж Кремлым. Щэнхабзэ зэхъуэкIэр, дерс зэIуахэр, гъэлъагъуэныгъэхэр, лекцэхэр къыщызэрагъэпэщ егъэджэныгъэмкIэ, щэнхабзэмкIэ IэхъуцапIэхэм. Дэфтэр нэхъыщхьэм и юбилейкэр нэхъ хэIэтыкIауэ яIэт хабзэщ. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, 2013 гъэм, УФ-м и Конституцэр илъэс 20 щрикъум, амнистием теухуа унафэ къыдэкIауэ щытащ.

ШЫПШ Даянэ.

И щIэинхэм пщIэ хуащI

СССР-м, РСФСР-м, КъБР-м я цIыхубэ артист, Совет Союзымрэ Урысей Федерацымрэ я Къэрал саугъэтхэм я лауреат, Санкт-Петербург щIыхь зиIэ и цIыху, а къалэм и филармоним и Академическэ симфоние оркестрым и художественнэ унафэщI, дирижёр цIэрыIуэ, къэрал куэдым хэIущIыIу щыхъуэ оркестрхэм я тхьэмадэ Темыркъан Юрэ псэужамэ, дыгъэгъазэм и 10-м и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирикъунут. Санкт-Петербург и филармоним и Академическэ симфоние оркестрым (Алексеев Николай зэригъакIуэм) а махуэм концерт гукъинэж итащ мазэрэ Темыркъан Юрэ и щIыхькIэ.

КОНЦЕРТЫМ и программэм хагъэхьащ филармоним и залышхуэми нэгъуэщI утыкуэми Темыркъан Юрэ куэдрэ щIэсащ. ФIыуэ ильагъуу щыта лэжьыгъэхэр. Фортепиано еуар Папоян Ильяц.

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и телеграмм напэкIуэцIым щитхащ республикэм исхэм, и лэжьыгъэхэр фIыуэ зыльгъуэхэм, Санкт-Петербург и къэрал филармоние Шостаковичи Дмитрий и цIэр зезыхьэм, къэралым и творческэ гупхэм, макъамэр фIыуэ зыльгъуэхэм зэи зэращымыгъупщэнур дунейпсо макъамэ щэнхабзэмрэ гъуэгджэмрэ я тхыдэм дыщэ хьэрфхэмкIэ зи цIэр хатха Темыркъан Юрэ икIи абы и щIэинхэм пщIэ зэрыхуащIынур.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Мы махуэхэм

Дыгъэгъазэм и 12, *гуубж*

♦Уэынщагъэр хъумэнымкIэ Iэнатlэм и Iээхутхьабзэхэр псоми ялъэIэсыным и дунейпсо махуэщ

♦Зэныкъуэкъуу къэралхэм ящыщу зым и телъхьи мыхъуным и дунейпсо махуэщ

♦Урысей Федерацэм и Конституцэм и махуэщ

♦1993 гъэм КъБР-м палатитI хъу и Парламентыр хахащ.

♦1933 гъэм къалъхуащ юрист, КъБР-м щыщ къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ **Губэщ1ыкI Владимир.**

♦1935 гъэм къалъхуащ тхакIуэ, уэрэдыс, артист, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Бахъуэ БетIал.**

♦1937 гъэм къалъхуащ медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, АКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Дыгъужь Къаздэч.**

♦1938 гъэм къалъхуащ химиие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Алэ-къэй Лерэ.**

♦1948 гъэм къалъхуащ актёр, УФ-м щыщ зиIэ и артист **Балъкъыз Валерэ.**

♦1952 гъэм къалъхуащ КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Шал Любовь.**

♦1976 гъэм къалъхуащ бодибилдингымкIэ дунейпсо чемпион хъуа, КъБР-м физкультурэмрэ спортымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Лъакъуэдыгъуэ Рамэзс.**

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 2 - 3, жэщым градуси 2 щыхъунущ.

Дыгъэгъазэм и 13, *бэрэжьей*

♦1920 гъэм Лъэпкъхэм я Лигэм Гаагэ къыщызэригъэпэщащ дунейпсо хеящIэ Iэхъуащ1апIэ.

♦1926 гъэм Совет къэралыгъуэм щыяпэу абы цIыхуу исыр бжьм щыщIадзащ.

♦1949 гъэм Налшык щекIуэкIащ КъАССР-м и цIыхуб ныбжьыщIэхэм я XI республикэ съезд.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 3, жэщым градуси 3 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

ЗыкIэрымылъ пэ лъагэ, зибг имылъ къудан.

● Къэрал Iуэху

ВДНХ-м щекIуэкI «Урысей» гъэлъэгъуэныгъэ иным Iуэху гъэщIэгъуэн куэд щокIуэкI мы махуэхэм.

Махуи 100 дэкIмэ...

2024 гъэм ди къэралым щекIуэкIыну ЩIалэгъуалэм я дунейпсо фестивалым къызэхьыныным къэнжэ махуи 100-р ящыбжьыкIэм щыщIадзащ абы. Дунейпсо зэхьхьэхэм зэрыпежьэ хабзэр мызыгъэгуми Iэщ1ыб ящIакъым. Олимпиадэхэр, чемпионатхэр къызэзыгъэпэщ къэралым ар къыщызэIуихынум махуи 100 къыщынэм дежь зэщIэхэм ирагъэплагъэнумрэ ирагъэщIэнымрэ нэIуэ къэзыщIэ «Iупъуэхэр» зэIуех.

Фигу къэдгъэкIыжьынщи, ЩIалэгъуалэм я дунейпсо фестивалым къызэхуишэснущ егъэджэныгъэм, щIэныгъэм, хъарычэт, псапэ щIэным, волонтер Iуэхуэхэм, медиам, щэнхабзэм, спортым, нэгъуэщI Iэнатlэ къэдым щыпашэ щIалэгъуалэу мин 20-м нэблагъэ. Абыхэм ящыщу мини 10-р нэгъуэщI къэралхэм къикIынущ. Иджы япэу апхуэдэ щIалэгъуалэ зэхьхьэхэм хэтынущ илъэс 14 - 17 зи ныбжь ныбжьыщIэу мин, 500-р ди къэралым щыщу, 500-р хамэ щIыпIэхэм къикIауэ. Ар 2024 гъэм гъатхэпэм и 1 - 7 махуэхэм «Сириус» федералъэ щIыналъэм щекIуэкIынущ. ЩIалэгъуалэм я дунейпсо фестивалым и щIыналъэ программэр гъатхэпэм и 10-м щегъэжьауэ 17 хъуху екIуэкIынущ. Абыхэм къызэхахIуэкIынущ Урысейм и хэгъэгу 30.

КъызэгъэпэщакIуэхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, зэхьхьэм хэтынущ къэралыгъуэ бжьыгъэхэм къикIахэр. ИджыкIэ я тхылъхэр ираГъэтхащ Австралием, Вьетнамым, Индонезием, Канадэм, Китайм, Кореем, США-м, Таиландым, Японием, нэгъуэщI къэралхэми я лIыкIуэхэм.

ВДНХ-м щагъэува ЩIалэгъуалэм я унэм иIалэгъуалэ мин къыщызэхуасащ мыхьэнэшхэу зиIэ Iуэхугъуэм хэтыну, абы зыкъырагъэхьэлIат спортсмен цIэрыIуэхэм, артистхэм, волонтерхэм, политикхэм. Зи гугъу тщIы зэхьхьэр егъэкIуэкIныр зи пщэ дэлъ, Урысейм щIалэгъуалэм я Iуэхуэкмкlэ и министерствэм и къэралыгъуэ къэнжэжа махуи 100-р дыдэ щIапIэ бжьыкIын щIадзащ. А махуэм утыку кърахьащ дунейпсо мыхьэнэ зиIэну фестивалым и дамыгъэу щытыну Чебурашкэри. Ар ауэ сытми къыхахакъым. АтIэ а псэущхьэ гуакIуэ цIыкIур зэныбжьэгъугъэмрэ пщIэ зэхуэщIыныкъэ я дамыгъэу къыгъэлъытэ. КъыщынэмыщIауэ, ар къэралу хуэам къыщащIыху. Гъатхэпэм и 1-м щегъэжьауэ къэралыгъуэм щылажьэ социальнэ сетхэм нэхъыбэ дыдэу итыну Чебурашкэращ.

Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир фестивалым теухуауэ къыщыгсальэм жиIащ. ЩIалэгъуалэм я дунейпсо зэхьхьэм хэтынухэр зэхущIэ нэхъ лъапIэ дыдэм хуэдэу Урысейм къызэрыригъэблагъэнур икIи ди къэралым и ехъулIэныгъэхэмрэ щалъагъунухэмрэ ахэр зэрыдихьэхынур, нэхъыбэм зэрыгъэтгъэгуихуэнур и фIэщ зэрыхьур къыхихыщащ.

Къэрал унафэщIым зэрыжиIамкIэ, нобэкIэ къэрал 183-м къикIа тхылъ мин 250-рэ къаIэрихьащ къызэгъэпэщакIуэхэм. «Апхуэдэ жэрдэмым къегъэлъагъуэ ныбжьэгъугъэм нэхърэ нэхъ къару лъэщ зэрыщымыIэр», - жиIащ Путиным. Апхуэдэуи къэрал унафэщIым къеплъащ Урысей Федерацэм и щIыкIэ-псэукIэр, тхыдэр, хабзэр, лъапIэныгъэхэр зэрагъэщIэну куэд къыхуэпабгъэу. Путиным жиIащ ди къэралым и ехъулIэнгъэхэр куэдым зэрафIэтелъыдыжэр. «И хэкум и зыужьныгъэм папщIэ къалэн нэхъ гугъу дыдэхэми зезыпщыт жылагъэращ псори зи фIыщIэр, ахэр сыт хуэдэ лъагапIи нэсыфынущ. Псом хуэмыдэу Урысейр Iэмалхэм я къэралщ, ар щIалэгъуалэм я дежкIэ хуабжу сэбэпщ», - жиIащ къэрал Iэтащхьэм.

ЩIалэгъуалэ зэхьхьэ иным хэтынущ Урысейм и щIыналъэщIэхэм щыщ волонтер 200-м щIигъу. Зэхьхьэм щIалэгъуалэм кIыхь зэрыгъэлъагъуэ, щIыхь зэхущIыкIэм гъуни нэзи зэриIыбэр. Урысейр ялэми ещхьу фIыуэ ялъагъу, цIыхухэр къэкIуэну хуейщ. Дэ тхуэзфIэкI къэдгъэнэнукъым зьэщIэхэм ягу дрихьэн щхьэкIэ», - жиIащ УФ-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ Голиковэ Татьянэ.

Мыбы ещхь фестивальэ Урысейм щыщкIуэкIар 2017 гъэращ. Абы къыдэрэ Урысейм, хамэ къэрал куэдым яIэ щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэмрэ зэщIэхъеныгъэмрэ куэдкIэ нэхъ лъэрызехьэ хъуащ. Мы гъэм фестивалым нэхъыщхьэ щагъэлъэгъуэнур гуапагъэр зэрыльапIэрщ, урысей цIыхухэм я псэм и къэзагъэщIу, урысей щэнхабзэмрэ щIэныгъэмрэ зэрыгъэнэнэшэрщ. КIэщу жыпIэмэ, щIалэгъуалэр хуабжу дехьэх. Къызэхуэсахэм ящIа сурэтхэр щагъэлъагъуэ. Къызэхуэсахэм ятхыпхьащ щIэныгъэкIа тхыпхьащ щыщ утыкухэр щыIэнущ. Абы хэтынущ Урысейм и лъэпкъхэм я шхыныгъуэхэм ущедзакъэ хъун утыкуи.

Фестивалым и къалэн нэхъыщхьэр дунейпсо зэдэлэжьэныгъэр гъэбыдэныращ, щэнхабзэ, лэжьыгъэ зэпыщIэныгъэхэр егъэфIэкIуэныращ, псом хуэмыдэу хамэ къэрал зэмыпIэужьыгъуэхэм щыщ щIалэгъуалэр зэшэлIэныращ.

ЩIалэгъуалэм я дунейпсо фестивалым Кавказ Ищхъэрэм щыщу хэтыну волонтёркэр ягъэхьэзырын щIадзащ. Ахэр Кавказ Ищхъэрэ федералъэ университетымрэ Пятигорск къэрал университетымрэ щрагъэджэнущ. Волонтер 260-рэ икIынущ Дагъыстэным, Ингушым, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Осетие Ищхъэрэ - Аланием, Шэшэным, Ставрополь краим.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

Псэм щыщ Iыхьэ

● Дн нэхъыжьыфIхэр

ХьэIишэт и гур зи щыпыIэркъым унэм: дунейр щыуэфIхэм къыщIокIри, пщIантIэм дэт тIысыпIэм щотIысэх. ПащIэ гъэзугуанэшхуэ къэзыкIуа щIыхубзым игу къигъэкIыжын и мащIэ - а сабиигуэр, фызабэу къанэу гугъуехьыр зи натIэу къэгъэугурыкIуа и анэр, и школ лъэхъэнэр. Сыту щIэхьщщу блэлъэта илъэсхэр. Сабий иригъэджэну япэ дыдэу класс бжащхьэIу щебэкъуа махуэмрэ нобэрэ я зэхуаку дэлъщ илъэс 65-рэ. АтIэми, а зэманыр напIэдзхьеигъуэм къызэринэкIа къыфIощI. А здэщысым еджакIуэ щIыкIуэхэр блэкI-къыблэкIыжу илъэгъуэмэ, я макъ зэхихамэ, ХьэIишэт нэщхькIыфIэ къыхэку икIи мазэ бжьгъэ ипэкIэ къызыпэрыкIа Iэнатlэр, иригъэджа сабийхэр и нэгу къыщIоувэ, абыхэм яхэту къызыфIегъэщIри, пхужымыIэным хуэдизу дэрэжэгъуэ ин егъуэт.

И АДЭ Ехъутэныдж Дин ищIэжыркъым ХьэIишэт. Абы щыгъуэ ар сабий дыдэт. Бийр ди хэкум къыщытеуэм фронтым япэу дашахэм яхэхуат и адэр. Унагъуэм иужькIэ къащIащ Дин и Iуэхур зэрыхъуар: гъэрпIэм ихуэри, абы иужькIэ и хъыбар гуэри къэIужа-къым. Сыт ищIэнт Iыниуу къызэхуэна анэм? И бгыр щIикъуэзри, гугъуехьыр и натIэу лэжьащ, и сабийхэм я ныбэ имыгъэнэкъуэу, щыгъыныджэу димыгъэту.

ХьэIишэт щысабий цIыкIум ехъуапсэрт школым кIуэ нэхъыжьыуэм. Ики щыгъуэ апхуэдизу зы нэ хуикI и сабийр анэм ешэри, щIегъэтIысхьэ япэ классым, ХьэIишэт нэхърэ нэхъ цIыкIуи нэхъыщIи яхэмыту. ИпэсхэтI зэрыхъур. Уеблэмэ япэ урокым егъэджакIуэм жиIэм зэфIэту едэIуауэ щытащ, партэм кIыдзащ.

Еджэну, и щIэныгъэм хигъэхъуэну, нэхъыбэ зригъащIэну зи нэ къикIыр щхьэусыгъуэ лъэныхъуэркъым. Апхуэдэт ХьэIишэтти. Унагъуэм сыт хуэдэ къаIэн и пщэ хьыщыдзэкуэми, абы щыхьэкIэ и дерсхэр Iэнэдзатэлэл ищыгъэкIыжи. И анэр жьыуэ дэжIа нэужь, зэфIигъэкIын хуейуэ Iуэху зыкъом къыпэплъэрт хъыджэбэ цIыкIум. Уеблэмэ, блэкIми-къыблэкIыжми зригъащIагъуэу, я унэшхуэм сэху къыщIрити щыIэт. Апхуэдэу, и егъэджакIуэхэр къыхуэзрэзыуэ фIы дыдэу еджащ. ЕхъутэныджэI я пхъэ Школым сыт хуэдэ Iуэху къыщрахьэжьэми, жыджэру хэтащ, уеблэмэ я классым и старостэуи щытащ.

Ебланэ классыр къыуха нэужь, Налшык дэт педучилищэм щIэтIысхьащ ХьэIишэт икIи ар екъутIэныгъэкIэ къыихащ, нэхъыкIэ дыдэу еджажэм яхэту. Училищэ нэужьым абы и мурадащ, и щIэныгъэм адэкIи хигъэхъуэн хьисэпкIэ, еджапIэ ищхьэм кIуэну, арщхьэкIэ и анэм къыхуидакъым, лажьэмэ нэхъ тэмэму къыпльытэри. Арати, уваш Вольнэ Аул дэт 17-нэ школым, пэщIэдзэ классхэр иригъаджэ. ЕгъэджакIуэ ныбжьыщIэм бгъэдэлъ Iуэху зехьэкIэр гъэщIэгъэунт. Япэ классым къыщIэтIысхьа цIыкIуэм хьэрфхэр щариГъащIэкIэ, тетрадым итт линэм хуэдэ доскам мелкIэ щритхъэрт. А иритхъам хьэрфитI иритхэрти, абы ещхьыркъабзэу я тетрадхэм иратхэну яхуигъувырт. Урок псом хьэрфитI. ИкIи зи хьэрфхэр къыбзэжьабзэхэм яйр тэмэм, я хъэтIыр дахэ хъухункIэ иригъэлаIэрт.

Сабийр тэмэму еджэн, жыIэдаIуэу щытын папщIэ, школым щыгъэува хабзэхэми тетын зэрыхуейр фIыуэ къыгурыIуати, япэ классыр къыщыIэщIалъхьам щыгъэ, зы къэмынэу иригъэувэкIри, быдэу яжриIащ: «Мыбдеж фыщыджэгуи, къыщывжьыхьи, фызэрымыгъэкIийуэ фыщыпсалъи хъунущ. Ауэ урокым щэху щIыкIуу, фи Iэхэр партэм тельущ фызэрыщIэсынур. Ар быдэу зыгурывгъаIуэ».

«Зы жьэм жьэдыхьэр жьитщам жьэдохьэ» жи. ЕвэIуэкIуэ щIалэм и Iуэхуэхэм и хъыбар зэхахат куэдым икIи я бынир абы и классым хагъэтIысхьэну школым лъэIуэкIуэ къакIуэр мащIэтэхкъым: и Iыхьлыи, и гъунэгъуи, псом хуэмыдэу къулыкъущIэхэрат зи сабий абы и деж зэхьыбэу къэзэшыр. Зыгъэрт Iэмалым апхуэдизкIэ хъэщыкъ хуэхъуати, ХьэIишэт и гъащIэр и нэгу къыхущIэгъэхэртэкъым цIыкIуэхэм яхэмыту. Абы и зэхуэдэт иригъаджэ зэзэгъыныгъэ зэзыр, и быным хуэдэуи псомэ еплаIэрт. КъимыдэжкIэ, нэхъыкIу еджэжэм нэхъ хэмыкIуIэхэр дригъэпIьвин папщIэ, къыгупсысат мыпхуэдэ Iэмал: блыным кьыкIэрилъхьат я цIэ-унэцIэхэр гупищу гуэшауэ зэрыт тхылъмпIэ: япэ гупым фIы дыдэу еджэхэр кьыщыгъэльэгъуат, етIуанэм «щы» зимыIэхэр, ещанэм - нэхъ къыкIэрыхуэр. Зэман дэкIыпти, «щы»Iэ» еджэжэр нэхъыфIхэм я гупым хэхуэрт, плIы къэзыхьэр фIы дыдэм я сатырым кIуэрт.

- Москва къикIри, зы гъэ щIэныгъэ Iуэхум телажьэ къэпщытакIуэ гуп къэкIуат республикэм, - жеIэ ХьэIишэт, - ахэр си деж къашэри, урокыр зэрезгъэжIэкIым щыгъуазэ хуащIащ. Щы-щIэкIыжьым «фIы дыдэу ибогъэкIуэкI, гунэс тщыхъуащ» жари къысщыртхъащ. Абы иужькIэ, куэд дэмыкIыу, гъэзэгу си деж къокIуэ адрей пэщIэдзэ классыр зи Iэмыщ1ы иIэ бзыльхъгъэр: «Си урокым комиссэр щIэсати, си лэжьакIэр дыкъыкъуэгу къызэкIащ, уэ укъыздэIэпыкъуну арэзы игъэнэхьапэу. И Iэнатlэм IэхъуэгъуэтегъэкIы бгъэдыхьэу есатэкъым ар.

Школ къэзыухахэм, балигъ, унагъуэ хъужакэм и нэхъыбапIэм я япэ егъэджакIуэр зэм-зэм Iэфlу ягу къагъэкIыж, дауи. Налшык дэт 27-нэ курыт еджапIэм щылажьэ Тау Элеонори ящыщщ абыхэм.

- Илъэс 40-м щIигъуащ 4-нэ классыр ХьэIишэт къызэрыдигъэухрэ. Телъыджэращи, абы и ныбжьыр илъэс 80-м щIигъуами, егъэлеяуэ гурыхуэщ, апхуэдизэ зэман дэкIа пэтми, дэ тщыщ дэтхэнэ зыри я цIэ-унэцIэкIэ ещIэж, ди адэ-анэхэри щыгъупщакъым. Ар ди анэ етIуанэу фIэкIа дыджкъым зэи. Фи фIэщ зэрыхъун, абы и макъ зригъэIэтауэ, къэгубжьауэ дрихьэлIакъым - и пIэкIэ къудеймкIэ къатщIэрт къыптхуэзрэзырэ къыптхуэмыарэзырэ, - жеIэ Элеонорэ. - Ди классым щеджа псомэ сыкъыдэкIуэ и Iэнатlэ щагъэузытыжащ гъащIэм. Зы цIыху къытхэкIакъым Iэущу псэну теуваэ. Ар зи фIыщIэр, щэч хэмылъу, ХьэIишэтщ. Дэ, абы иригъэджахэр, дызэклассгъэуауэ зыдбжыркъым - псори зэдэлъхэзэшыпхъуэм хуэдэуи дызэрызэхущытыр, ди егъэджакIуэфIым апхуэдизкIэ дызэкъуигъэувауи. ИтIанэ, гъэщIэгъэныращи, хъэтI дахэ зимылэу зыри къытхэткъым. Си цIхьэкIэ, сыпсэуху ХьэIишэт згъэгъэущкъым - ар къызэрыдэлIэлар, абы къытхуищIам и инагьыр псалъэкIэ пхумыцIуэным хуэдизу.

И Iэнатlэм зэрыпэрыувэрэ Кьанокъум иригъаджам я бжьыгъэ 2600-м щхьэдэх. Апхуэдизэ абийм дэтхэнэри бущIин, тетрадэр, дерс ептахэр кьыупщIэн хуейуэ. Ауэ сызыпэрытыр Iэнатlэ гугъуц, сезэщащ жиIэу зи къэдзыкъакъым, къэзэнджакъым. Уеблэмэ школым щымыкIуэ, цIыкIуэхэр щемыджэ, зыгъэпсэхугъуэ мафхуэкIэр фIэкIыхьат, сыту жьыпIэмэ абы и лъэр щIэзыгъэкIыр, и гъащIэм къыпызыщар и псэм щыщ Iыхьэ хъуа школыр, иригъаджэ сабийхэр. «Мазэ бжьыгъэ фIэкIа къэкъыжьат Iэнатlэм сыкъызэрыIукIрэ, итIани зэман куэд дэкIауэ къысщохьу, Iейуэ сахуоззш си сабийхэм».

И IуэхущIафэм къыпэкIуэу ахрэтауэ, ХьэIишэт ехъумэ щIыхь тхылъ зыкъом. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, щIэныгъэ Iуэхум теухуауэ ди республикэм щыфIащ цIэ льапIэм хуэдэ иIэкъым. ЩIэблэр гъэсэныгъэ, егъэджэным илъэс 65-кIэ къыщIэмыхуэу, пщIэшхуэ иIэу бгъэдэта цIыхубз щыпкъэм «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ зиIэ и егъэджакIуэ» цIэр зэрахуэфащам шэч къытезыхьэн абы иригъэджахэмэ, къыдэлажьами яхэту фIощхьугъуэйщ.

Сыт нобэ Кьанокъуэ (ЕхъутэныджI) ХьэIишэт кьару къезытыр, и гур зыгъэфIыр, дунейр нэху къыщыщыщIыр? Ящрэуэ, езым ещхьу щабэу, щIыхуГъэ, адыгэ хабзэ хэпIу ипIа и щIалэ закъуэгуэ - Алимщ. КъыкIэлъыкIуэрэуэ, и Iэмыщ1э илъа и гъэсэнхэм зэращымыгъупщэрщ, кьанэ щIагъуэ щымыIэу, балигъ гъащIэм ахэр гъэ быдзкIэ зэрыхэуварщ, и щхьэр лъагэу ильагъуэ хъуну, и IуэхущIафэм екIуэрэ ещхьу зэрыбгъэдэтарщ. Апхуэдэ нэхъыжьыфIхэр лъэпкъым диIэнэр фIыгъуэ мыльытэщ.

САУТ СулътIан.

● Щалэгъуалэ

Дахагъэр зи дамыгъэ

Къафэ гъуазджэр, щэнхабзэм и хьугъуэфыгъуэхэр, лъэпкъ фащэм и дахагъэр щыхубзм я пащхьэм щызыгъэльагъуэ, Іэдэбу, зэкІужу утыку ит, кьафэр фІыуэ зыльагъу щІэблэм ди республикэм, кьаралым къыдэкІуэу хамэ къэрал куэдым жьыми щІэми Іэгуауэшхуэ щыхуаІэт, зи екъулІэныгъэхэм дэнэ щІыпІи щыпсэу адыгэхэр иригушхуэ, КъБР-мрэ УФ-мрэ цІыхубэ къафэхэмкІэ щапхъэ къыщыдалъытэ «Нал цІыкІу» ансамблыр къудамэ зырызрызрагъэпэщэрэ ильэс 35-рэ ирокъу. Абы ирихьелІэу зыхуэдгъэзащ гупым и художественэ укафэщІ Къэбардей-Балъкъэр, Ингуш республикэхэм щэнхабзэмкІэ щыхь зиІэ я лэжьакІуэ Куэшей Алик.

- Алик, ильэс 35-кІэ уэзІэбэкІыжрэ къэфакІуэ гупым я гъэсакІуэ уэзрыхъуамрэ уи гуп дахэр къызэрызэбгъэпэщамрэ дигу къбгъэкІыжамэ, ди гуапэт.

- Сызэрысабийрэ къафэм - сыдихьэхыу щытащ икІи «Шэджэм псыкьелъэхэр», «Ашэмэз», «Нальчанка» ансамблхэм сыхэтащ. Культпросвет училищэу щытам къафэмкІэ иІэ къудамэр къэзыхащ, езыргъэзыру къызэрагъэпэща къафакІуэ гупхэм я гъэфэщІ Іэщ1агъэр сиІэу. ИтІанэ дзэм къулыкъу щысщІащ. Къзэгъэзэжа нэужь, 1988 гъэм щэкІуэгъуэм и 2-м къызэгъэпэщащ ансамблыр. Кupыт еджапІэм и 6-нэ классым сыщІащІэсым телевизорымкІэ я инагъкІи фащэкІи зэщхьыр-кьабзэу слъэгъуа куржы сабий къафакІуэ ансамблыр телъыджэ сщыхъуат. ЦІыкІухэм ягъэльагъуэ дахагъэм апхуэдизкІэ ситхьэкъуати, абы щыгъуэ мурад быдэ сщІат ныбжьыщІэхэм я къафакІуэ гуп къызэзгъэпэщыну икІи къызэхъулІащ. Иджы ар лъабжьэ быдэ зиІэ ансамбль зэрыхъуам дрогушхуэ.

- Къафэ гъуазджэм и щэхуэхэм уэхэшІыгъэгъуэзар хэт?

- «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым и къэфакІуэу щыта, журт лъэпкъым щыщ Шабаев Аликрэ Нырхэ Азидэрэ Ныбжьыщ1эхэм я республикэ унэм дыщагъасэу щытащ. Шэджэм Езанэм Щэнхабзэмкі э и унэм щылажьэ «Шэджэм псыкъелъэхэр» ансамблым иужьыкІэ ильэс 25-кІэ сыщылэжащ, сыкъэщыфэуикІи ныбжьыщІэхэм я гъэсакІуэу. КъищынэмыщІауэ, абы щыІэ театрми сыщыджэгуащ. Нартан къуажэм ильэситкІэ сыщылэжащ. ИтІанэ Шэджэм сашэжащ. Нартан къуажэм Щэнхабзэмкіэ и унэм щызэхэта ансамблым сыхэтащ икІи егъэджакІуэу сыщыІащ. Иужьым, езыр-езыру къызэгъэпэща «Нал цІыкІу» ансамблым сакъыхэнэжащ. А цІэр фІэсщын и пэ адыгэбзэкІи урысыбзэкІи куэд дыдэ зэхъуэкІащ. «Нал цІыкІур» нэхъ сигу ирихьри абы сыкъытеуфыІащ, сыту жыпІэмэ, «Нал цІыкІур» насыпым и дамыгъуэу, абы насып къыдэкІуэу къалъытэ. Урыс, тэтэр е нэгъуэщІ ирехъу, лъэпкъ куэдым я бжэхэм нал цІыкІур фІадзауэ уолъагъу. Аращ «Нал цІыкІу» щІыфІэсщари. Супрэт щІыным сыдыхьехырти, ансамблым и логотипым и сурэтри сэ згъэхьэзырыжащ.

- Апхуэдэу зызыужьа ансамблым, дауи, уи закъуэ къаркІэ уэзрыпэмылъэщынур гурыІуэгъуэщ. Дэ Іэпыкъуэгъу къыпхуэхъуэхэм я щІэ къэзгъэІуэнут.

- Сабийхэр куэду ди деж къокІуалІэ. Гупищ (нэхъыжь, курыт, нэхъыщІэ) диІэщи, псори зэхэту цІыху 70-м щІегъу. Я1эщІыкІэ ильэсих зи ныбжьэр къатщтэу щІэддзащ, ауэ пІлы-тху хъуэхэр кьытхуашэу щыхуежьэм, ахэри Іэщ1ыб тщІакъым. ТфІэфІ дыдэу цІыкІухэм дадолажьэ. Пщэдджьжьми шэджагъуэ нэужьми диІэщ гупхэр.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, сабий тІощ1 ди деж къекІуэлІамэ, абы щыщу тхур кьытхуэнэми аращ. Лэжьэн щІэбдза нэужь гугъуехьэхэр куэдщ. Гугъуехьэхэм игъэшынэу къэкІуэн щІызыгъэтыжхэри яхэтщ. Сабийр кьызэрашэу занщІэу сегнэм къыщыдгъэфэну къащохьу адэ-анэхэм. КІэщІу жыслІэнщи, ди деж къанэр къафэр зи псэм хэпъхэмрэ гугъуехьэхэм щымышынэхэмрэщ. ЗэныбжьэгъуитІ къэкІуамэ, зэштегъэууэ гъусэ кьыхуэхъуар къанэу, адрейр щыкІэрыхуж щыІэщ. Япэрей сабийхэм хуэмыдэу иджырейхэр сымаджэрилэхэщ, къаруушэхэщ. Къапщтэмэ, иджыпсту щыІэ хьыджэбз цІыкІухэм нэхъ къару яхэлъщ, щІалэ цІыкІухэм нэхъ. Ди деж къэкІуэным сыхьэтитІ иІэжу ягъэшхэну чэнджэщ ядот, мышхэмэ, къару яІэнчыкьыми. Зэрыхъум хуэдэуэрэ дадолажьэ, гугъуехьэм пэлъэщыфкэр зэпхыгъэ щІыпІэ къудым къыщыдгъэІэщ. КъыхэгъэщІыпхъэщ дыздэщыІа щыналъэхэм я унафэщІхэми гулъытэрэ пщІэрэ къызэрытхуащІар. Ди гъэсэнхэм я екъулІэныгъэхэм ятеухуа тхыгъэхэр щІыпІэ къудым къыщыдгъэІ. Гъэтхэм хамэ къэралыбзэхэмкІэ кьытехуащ. Щэнхабзэ зэхьыхэ зыбжанэм къыпэкІуащ саугъэт нэхъыщхьэхэр, щІыхь, фІыщІэ тхылъхэр. Ди ныбжьыщІэхэм къахокІ зи щІэныгъэм адэкІи хэзыгъэхуэхэр. «Кабардинка», «Балкария» къэрал академическэ ансамбль цІэрыІуэхэм къыщыфхэкр, Москва кьафэ гуъазджэм щІыхуэзыгъэсэхэр. Дэтхэнэ и зэфэхькІи дрогушхуэ, дропагъ, дамэ кьыттраГакІэ.

- Щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ щІэблэр щІэпІыкІыным нобэ мыхьэнэшхуэ иІэщ. Ильэс 35-м кьриубыдэу Алик, къафэм хуэбгъэсахэр иджы уи лъагъуэм зэрырикІуэр, гъуазджэм и цІыху къищІыкІауэ, лъэпкъ къафэмрэ фащэмрэ щІэблэм лъагъуныгъэ зэрыхуэрагъэщІыр уасэшцэщ. Утыку зыгъэбжьыфІэ уи гъэсэнхэр дяпэкІи республикэпсо, урысейпсо, дунейпсо фестивалхэмрэ зэпеуэхэмрэ пашэ щыхъуу, я щІэр жьыжьащІуу лъэпкъ щэнхабзэм иджыри ильэс куэдкІэ фыхуэлэжьэну ди гуапэщ!

Епсэльар

ТЕКІУЖЬ Заретэщ.

УсакІуэ уахътыншэ

Адыгэ литературэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщІа, лъэпкъ усыгъэм и лъабжьэр зыгъэтІылъа Щоджэнцыкіу Алий теухуа зэІуцІэ КъБР-м и район псоми щрагъэкІуэкІащ. Дэ дыкъыхтеувыІэнщ абыхэм ящыщ зым - Бахьсэнёнкэ къуажэм щагъэхьэзырам.

ЩЭНХАБЗЭМКІЭ и унэм къыщызэрагъэпэща зэхьыхьэм цІыху щэджащэм и Іэдакъэ къыщІэкІа уэсхэм, поэмэхэм къытращІыкІа театр теплъэгъуэхэр щагъэпэгъуауэ, тхыгъэ пычыгъуэхэм школакІуэхэр къыщеджащ.

ЗэІуцІэм ирагъэблагъащ тхакІуэ, усакІуэ, журналист Хьэту Пётр, Щоджэнцыкіу Алий и цІэр зэрихьэу щыІэ фондым и тхьэмадэ Щоджэнцыкіу Леонид, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, усакІуэ, Бахьсэнёнкэ дэт Щэнхабзэмкіэ унэм и лэжьакІуэ Зэгъэщтокъуэ Людэ, УФ-м и Тхакіуэхэм я зэгухьэныгъэм хэт Къудей Фаридэ сымэ, нэгъэщІэхэри.

- Щоджэнцыкіу Алий къызэралъхуа мы гъэм илъэси 123-рэ ирокъу. А зэчиишхуэу зыбгъэдэлъа цІыхуэ, къызэрытхэмытыжрэ ильэс 82-рэ ирикъуами, ноби ди гъусэм хуэдэщ. Мэпсэу, и тхыгъэхэр уахътыншэщи. ФІэщщІыгъуейщ ди Алий и усэ-поэмэхэм якъэзыщІыкІуа, абыхэм я сатыр гуимыкужхэр зэгуэр зэхэзымыха адыгэ дунейм тету. Мис, дэри нобэ дыздэхуэсащ ди усакІуэшхуэр дигу къздгъэлъкІыжьи, абы и Іэдакъэщэкіхэр зэи зэрымыкІуэдыжьынур къздгъэлъгъуэн папщІэ, - жиІащ Къудей Фаридэ.

Куба къуажэм дэт Щэнхабзэмкіэ унэм и унафащІ Бесльэней Замирэрэ а жьлэм дэт курыт еджапІэ №92-м и епщІанэ классым щІэс Шырыт Аллохьанрэ утыкум ит еджакІуэхэми абыхэм къеплъхэми Алий и гъащІэмрэ лэжьыгъэмрэ теухуа упщІэ зыбжанэкІэ зыхуэгъэзащ, жэуап гугъэзагъэ къезытыжахэм фэеплъ тыгъэ цІыкІуэхэр ираташ.

Зэхьыхэр пэщІэдзэ хуэхъуащ Щоджэнцыкіу Алий и щІыхькІэ республикэм къыщызэрагъэпэща Іуэхугъуэу къуажэ-къуажэкІэрэ зэІэпэжьи (марафоным).

● Пшыхьхэр

«Сабий пщІантІэм дыгъэ щопс, Сабий нэгум нур кьрех, Сабиипсэм хэт гупсысэм Дуней псор дэ тхуэзІуех!»

А псалъэхэмкІэ утыкум кьрашащ Бахьсэнёнкэ дэт «Пэщ1ыдзэ еджапІэ - сабий гъэсапІэ» кІэзонэ Іуэхущ1апІэм щрагъаджэ щ1ыкІуэр. Сабийхэм дахэу утыкум къыщагъэльэгъуащ Щоджэнцыкіум и «Щ1ымахуэ жэщ» поэмэм къытращІыкІа спектакль кІэщІ щ1ыкІур, еплъахэм ягу дыхьарэ я нэпсхэм къызэпрагъэжьыхьу...

Утыкум кърагъэблагъащ Куба Щэнхабзэмкіэ и унэм и гъсакІуэ щ1ыкІуэр. Ахэр кьеджащ Щоджэнцыкіум и усэхэм ящыщ. «Щ1ымахуэ жэщ» поэмэм и пычыгъуэм - Мыд Алинэ, «Кіущэ нагъуэ» усэм Шорэ Ясминэ кьеджащ. Тельыджэр аращи, а пщащэ щ1ыкІуитІыр къызэджам екъэлІа сурэт дахэхэри абыхэм утыкум щагъэльэгъуащ. Къызэхуэсахэм зи Іэдакъэщ1экІ ялъэгъуахэм ящыщщ Щоджэнцыкіу Алий и «Къамботрэ Лацэрэ» романым хэт теплъэгъуэхэр уи нэгу къыщІэзыгъэувэж сурэтыр зыщІа Теунэ Элини. УсакІуэ щэджащэм и теплъэр къызэрыщ сурэтыр зи Іэпэ къыпыкІар Ныр Іэминэщ. «Іэдииху» зыфІища и сурэтыр Мамбэт Бэллэ и Іэдакъэщ1экІщ.

Пшыхьым хэтащ Бахьсэн дэт Щэнхабзэмкіэ унэр зи хэщІапІэ «Кавказ» уэрэджьыІакІуэ гупри. Абыхэм Щоджэнцыкіум и усэхэм хэт псалъэхэр зыщІагъэувА уэрэд-гъыбзэр абдежьым яп дыдэу щыжаІащ.

Бахьсэнёнкэ дэт курыт еджапІэхэм ящыщу езанэмрэ етІуанэмрэ щеджэ ныбжьыщІэхэри Щоджэнцыкіум и усэхэм гъэхуарэ гукъинэжу утыкум кьыщеджащ...

ЕзыгъэкІуэкІам концерт-зэІущІэр мы псалъэхэмкІэ зэхуищІыжащ:

- Си усакІуэ уахътыншэ Щоджэнцыкіу Алий, зи уэрэдыр и кІэм нэзыгъэсыну Іэмал зимыІам, хуэфащэн щІэблэ ди куэду, ди адыгэ лъэпкъым зиужьэ ефІакІуэу Тхьэшхуэм ди-гъэпсэу!

Щоджэнцыкіу Алий и цІэр зезыхьэ фондым къыбгъэдэкІыу щІытхъу тхыльхэр зэхьыхьэ-зэпеуэм нэхъ къыщыхэжаныкІа ныбжьыщІэхэм ираташ. Республикэм Щэнхабзэмкіэ и министерствэм къыбгъэдэкІыу ФІыщІэ тхылъ егъэджакІуэхэу Бесльэней Замирэрэ Абрэдж ФатІимэрэ къыхуагъэфэщащ...

КЪАНКЪУЛ Раисэ.

Журналистт икІи актёрт

● ТхылъыщІэ



Котляровхэ Викторрэ Мариерэ я тхылъ тедзапІэм къыщыдэкІащ «И совесть, и добро, и красота...» фэеплъ тхылъыр. Абы ихуащ театр актёр, журналист щІэрыІуэ Іусейн Олег и пьесэхэр.

ІУСЕЙН Олег и гъащІэмрэ гуащІэмрэ теухуа «Внутренний огонь» тхылъыр нэгъабэ Котляровхэ Викторрэ Мариерэ я тхылъ тедзапІэм къыщыдэкІауэ щытащ. Абы къыщыгъэльэгъуат Олег ныбжьэгъу пэжу, цІыху хьэлэлу, щІыпкъэ зэрыщытар. А тхылъым ихуат Іусейным и Іэдакъэ къыщІэкІа «Угасающий огонь, или Он должен жить» пьесэр. Ар цІыхухэм ягу зэрыдыхьарщ абы и щхьэгъусэ Аллэ и жэрдэмкІэ, «И со-весть, и добро, и красота...» фэеплъ тхылъыр къыщыдгъэкІащ. Иджырей къыдэкІыгъуэм урысыбзэкІи адыгэбзэкІи ихуащ «Угасающий огонь, или Он должен жить», («МафІэ ужьыхьжьыр, е псэун хуейщ ар») пьесэр. Лэжьыгъэр адыгэбзэкІэ зэзыдзэкІар радио-журналист Джыназ Заремэщ. КъищынэмыщІауэ, тхылъым хагъэхьащ Олег ихта «Разорение очагов, или «Наш паровоз вперёд летит?» пьесэр.

- Журналист, актёр Олег ди ныбжьэгъуми, пьесэ зэриткІ зыри дыщыгъуазэ зэтэкъым. Лэжьыгъэр ди зэманым поджэж. Ар иджыдей гъащІэм и гъуджэщ, - жеІэ тхылъым и пэублэ псалъэр хуэзытха, «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ, усакІуэ, драматург Къанькъуэ Заринэ. - Пьесэхэм гупсысэ ящІатІщ, ахэр Олег фІыуэ кьехьуліащ. Абы и бзэри къабзэт, кьулейт... АдыгэбзэкІэ зэрадзэкІа пьесэр Щоджэнцыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ-театрым и утыкум щагъэуыну зэрыхуэфащэм шэч хэлъкъым.

Тхылъым ихуащ Олег щыдзэгуа спектаклхэмра кинофильмхэмра и пэжьэгъуэм я Іусэу щытраха сурэтхэр («Гоген», «Семейный ужин», «Король Лир», «Бинго», «Гонзаго», «Антигона», н.).

БЖЬЫХЬЭЛІ Розэ.

Гулъытэ хуэныкъуэхэр

Мы махуэхэм къэралым гулъытэ щыхуащІащ ныкъуэдыкъуагъ зыбгъэдэлъ цІыхухэм.

ДИ республикэми и мащІэкъым апхуэдизкІэ ядэІэпыкъуну гупыж зыщІ цІыху щхьэхуэхэр, фонд зэмылІэужьыгъуэхэр. Абыхэм я дэтхэнэми лэжьыгъэшхуэхэр ирагъэкІуэкІ ныкъуэдыкъуэхэм я узынщагъэр егъэфІакІуэным, жылагъуэ гъащІэм ахэр кьыхэшэным теухуауэ.

Алэхьэй Залым зи унафэщІ «Гуапагъэм и макъамэ» фондыр абыхэм ящыщ зыщІ.

- Зы ильэс къэмынэу, абыхэм я махуэм ирихьелІэу, ди фондым и лэжьакІуэхэр доклад сабий зеиншэхэр, жьы хьуа цІыху дэІэпыкъуэгъуэншэхэр, ныкъуэдыкъуагъэ зыбгъэдэлъхэр щапІыж унэхэм. Абыхэм я пащхьэм концерт щыдот, ахэр зыщІагъфІыкІын е зыхуэныкъуэ гуэрхэмкІэ дапоІэбэ. Ахэр здэщІыІэ унэхэм я мызакъуэу, зыхуэзэфІэмыкІ цІыху зэрыс унагъуэхэми дальоІэс, - жиІащ абы.

ГущІэгъури гулъытэри зи лъабжьэ апхуэдэ Іуэхухэр егъэкІуэжІыныкІэ абыхэм кьадоІэпыкъу спонсорхэр. Ди республикэм и уэрэджьыІакІуэ ныбжьыщІэхэр хэту иджыблагъэ фондым иригъэкІуэкІа псапащІэ концертым сымаджэхэм я гукъыдэжыр кьиІэтащ. Уэрэдхэр теухуат зэкъуэтныгъэм, насыпым, гулъытэм, лъагъуныгъэм. Зи узынщагъэкІэ хуэмыщІахэм якъэхІащ макъамэр фІыуэ зыльагъуэхэри, артистхэм я гъусэу уэрэд жызыІаэри. Псом ящыхэращи, апхуэдэ зэхьхэхэм, нэгъэкъжь пшыхьхэм абыхэм я гукъыдэжыр кьеІэт, жылагъуэ гъащІэм хэтын зэрыхуэфем кьыхуреджэ.

ХЬЭТУ Астемыр,
«Дэлэпыкъунигъэм и гъунапкъэ» зэгуэхэныгъэм и унафэщІ.

● УФСБ-м къет

ЩІэпхъаджагъэм я нэхъ Іей

КъБР-м щыІэ УФСБ-м и лэжьакІуэхэм хабзэншагъэкІэ наркотикхэкІэр щІыкІынымпэщІэт Іуэхуэхэр ирагъэкІуэкІыу къызэпаудащ афиянхэкІэр республикэм къишэным пыщІауэ ильэс 41-рэ си ныбжь налшыкдэсым зэрихьэ щІэпхъаджагъэр.

ЯУБЫДАМ и унэр къыщащым къагъуэтащ «героин», «мефедрон», «метадон» наркотикхэкІ кг 0,9-м щІигъу.

Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыІэм и Следственнэ кудамэм щэч зыхуащІым теухуа уголовнэ Іуэху кьиІэтащ. Ар пІалъэ кІыхькІэ лъэхъуэщым исыну ягъэтІысыжкІэ хьунущ.

Фадэхэкі нэпцІхэр

Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыІэм, КъБР-м щыІэ МВД-м я лэжьакІуэхэм продукцІ нэпцІхэм теухуауэ къэпщытэныгъэ щрагъэкІуэкІым, Шэджэм куейм щыпсэуам, илъэс 46-рэ си ныбжьым, илэжь щІэпхъаджагъэр къыщІагъэщащ.

ЩХЬЭПЫКЪУЭ къуажэм къыщагъэтащ фадэхэкІ щащІ, апхуэдэуи ящэну хьэзыр, федеральнэ маркэхэр зытемылъ спиртхэкІхэр куэду щаІыгъ къызэдзэщ.

Уголовнэ Іуэху къаІэтащ УФ-м и УК-м и 171.3-нэ статьям и І-нэ Іыхьэм къыщыхьа щІэпхъаджагъэр илэжьауэ. Ар ильэси 3-кІэ ягъэтІысынкІэ мэхъу.

БАХЪСЭН Ланэ.

● Тхэквондо

Ди щІалэгъуалэм я екъулІэныгъэхэр

Налшык тхэквондо спорт лІэужьыгъуэмкІэ урысейпсо зэхьэзэхуэ щІэзэхэтащ. Абы кьрихьэлІат щІалэ, хьыджэбз цІыкІуу 650-рэ. Зэпеуэм хэтащ ди къэралым и щІыналъэ 22-м кьикІахэр.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и спортсменхэм мы зэхьэзэхуэм екъулІэныгъэшхуэ щаІащ. Я хьэпІагъ елъытакІэ зыхэта гупхэм ящэ увыпІэр кьыщащхьащ Щоджэн Басир, Къэзаниб Къасболэт, Тхьэмокъуэ Элинэ, Кьумахуэ Рианэ, Ахъмэт Борис, Іусейн Дамир, Иуан Дианэ.

ЕтІуанэ увыпІэр кьыпльысащ Пщыхьэщ1э Эстеллэ, Хьэжы Салмэ, Хъубыл Анжеликэ. Ещанэ хъуахэщ Малкандуев Дамир, Джэш Имран, Іусейн Къамболэт, Шыд Данэ, Къуэщ1ысокъуэ Іэминэ, Атэлыкъ Амелие, Шалгинбаевэ Софие, Пхъэш Астемыр, Гъубжокъуэ Астемыр, Лакъун Маленэ, Асановэ Дариныэ.

Ди нэхъыщІэІуэ щІалэ, хьыджэбз цІыкІухэри хэмыкуэкъым - япэ увыпІэу 8-рэ ещанэу 6-рэ къхьащ.

ШАФИЙ Асльэн.

Налшык дэт Музыкэ театрым мы махуэхэм щекІуэкІащ псапэхуэщІэу ягъэхьэзыра «Мелодия добра» концерт. ИльэсыщІэпежьэ зэхьхьэр траухуат зи Іэпкъльэпкъым сэкъат иІэхэм я дунейпсо махуэм. Абы ирагъэплъащ интернатхэм, республикэм и сымаджэщым лыш узыфэмрэ гематологиемкІэ и къудамэм щагъэхъуж цІыкІухэр, нэгъэщІэхэри.

- УИ ГУАПЭ мыхъуу кьанэркъым ди Іуэхур кьыддэзыІыгъэр ильэс къэс нэхъыбэ зэрыхъур, артист куэдым зыкъытхуагъаз мы Іуэхум хэтыну хуейуэ , - жеІэ «Мелодия добра» псапащІэ фондым и унафэщІ Алэхьэй Залым.

Пшыхьым хэтащ Цокіыл Азмэт, Шыхьэубахъуэ Ислъам, Къэгъэзэж Іэниуар, Насып Астемыр, Евгъэжьыкъуэ Албэч, Тхьэмокъуэ Анзор, ЗэкІурей Ринат, Балъкъэр Санетэ, Сыжажэ Аскер сымэ, нэгъэщІэхэри. «Нал цІыкІу», «Dence Masters», «Impulse crew», «New Time» къэфакІуэ гупым абы щагъэзэщІа къафэхэр сабийхэм ягу зэрырихьар Іупщ1т хуаІэта Іэгуаузмкіэ.

Апхуэдэу а пшыхьым утыку кьыщрашащ зи Іэпкъльэпкъым сэкъат иІэ сабийхэм ящышущу узрэд жьІэным дихьэхэр, абыхэм я нэхъыбэр иджы япэу апхуэдэ утыкуэхэм я щІэнкъльэгъуэ ихуащ. Гугъуехьэхэм игъэшынэу къэкІуэн щІызыгъэтыжхэри яхэтщ. Сабийр кьызэрашэу занщІэу сегнэм къыщыдгъэфэну къащохьу адэ-анэхэм. КІэщІу жыслІэнщи, ди деж къанэр къафэр зи псэм хэпъхэмрэ гугъуехьэхэм щымышынэхэмрэщ. ЗэныбжьэгъуитІ къэкІуамэ, зэштегъэууэ гъусэ кьыхуэхъуар къанэу, адрейр щыкІэрыхуж щыІэщ. Япэрей сабийхэм хуэмыдэу иджырейхэр сымаджэрилэхэщ, къаруушэхэщ. Къапщтэмэ, иджыпсту щыІэ хьыджэбз цІыкІухэм нэхъ къару яхэлъщ, щІалэ цІыкІухэм нэхъ. Зэрыхъум хуэдэуэрэ дадолажьэ, гугъуехьэм пэлъэщыфкэр зэпхыгъэ щІыпІэ къудым къыщыдгъэІэщ. КъыхэгъэщІыпхъэщ дыздэщыІа щыналъэхэм я унафэщІхэми гулъытэрэ пщІэрэ къызэрытхуащІар. Ди гъэсэнхэм я екъулІэныгъэхэм ятеухуа тхыгъэхэр щІыпІэ къудым къыщыдгъэІ. Гъэтхэм хамэ къэралыбзэхэмкІэ кьытехуащ. Щэнхабзэ зэхьхьэ зыбжанэм къыпэкІуащ саугъэт нэхъыщхьэхэр, щІыхь, фІыщІэ тхылъхэр. Ди ныбжьыщІэхэм къахокІ зи щІэныгъэм адэкІи хэзыгъэхуэхэр. «Кабардинка», «Балкария» къэрал академическэ ансамбль цІэрыІуэхэм къыщыфхэкр, Москва кьафэ гуъазджэм щІыхуэзыгъэсэхэр. Дэтхэнэ и зэфэхькІи дрогушхуэ, дропагъ, дамэ кьыттраГакІэ.

- Щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ щІэблэр щІэпІыкІыным нобэ мыхьэнэшхуэ иІэщ. Ильэс 35-м кьриубыдэу Алик, къафэм хуэбгъэсахэр иджы уи лъагъуэм зэрырикІуэр, гъуазджэм и цІыху къищІыкІауэ, лъэпкъ къафэмрэ фащэмрэ щІэблэм лъагъуныгъэ зэрыхуэрагъэщІыр уасэшцэщ. Утыку зыгъэбжьыфІэ уи гъэсэнхэр дяпэкІи республикэпсо, урысейпсо, дунейпсо фестивалхэмрэ зэпеуэхэмрэ пашэ щыхъуу, я щІэр жьыжьащІуу лъэпкъ щэнхабзэм иджыри ильэс куэдкІэ фыхуэлэжьэну ди гуапэщ!

Епсэльар

ТЕКІУЖЬ Заретэщ.

Гуапагъэм и пшыхь

кушхуэ ихьэу арати, зэрыгуавэр нэрылъагъут. Абыхэм ящыщу Бабаев Муслъим «Мелодия добра» фондым и дыщэ макъ» цІэ лъапІэр а пшыхьым щыхуагъэфэщащ.

- Сэ куэду сфІэгъэщІэгъуэну икІи сыгуазаэу сыхэтащ мы Іуэхум, - жеІэ Муслъим. - Цыхухэм гукъыдэж зэрестыфам хуабжьу сыщогуфІыкІ.

Сабийхэм фІыуэ ялъагъу лІыжьыжьэм я фащэкІэ хуэпащэ пэшым щІэта артистхэм сабийхэр ягъэджэгуащ, утыкум кьрашащ. Пшыхьым и кІэуным абы хэта псори Іэфы1ыкІэкІэ ягъэтхэжащ.

ТЭРЧОКЪУЭ Дисэ.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖЬэкІэмыхъу Маринэ *(унафэщІ-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщІ-редактор)*, **Къанышокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщ1эпыджэ Замирэ, Чэрим Мариан-нэ, ЩхьэщэмыщІ Иэз.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщІ-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хьыбарыщІэхэмрэ спортымкІэ - 42-22-88, 42-60-53, 42-22-89; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехэм - 42-75-78, 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитныгъэр хъумэныжмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щІэту.

КъыдэзыгъэкІэжмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Ленинымрэ уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.625
Заказыр №2705
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынымрэ и пщэ дэльщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДДЭКІЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джэтокъуэ Марьянэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2-нэ нап.)*, **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэІэпыкъуэгъу* **Елмэс ФатІимэ.**

Компьютеркіэ газетым и теплъэр ящІащ **Дол Маринэ, Щомахуэ Мариннэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы ильэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.